



Pou Piblikasyon Imedyat: 17 oktòb 2011

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON H. CARL MCCALL KI PRAL TRAVAY KÒM PREZIDAN KONSÈY ADMINISTRASYON SUNY

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nominasyon H. Carl McCall ki pral travay kòm prezidan Konsèy Administrasyon State University of New York (SUNY).

Gouvènè Cuomo di konsa, “Carl McCall ap vini avèk plizyè peryòd dizan eksperyans li nan sèvis piblik la pou li vin alatèt Konsèy Administrasyon SUNY. Eksperyans li nan finans fè li vin dirijan ideyal pou Konsèy Administrasyon an nan moman SUNY ap ede lanse devlopman ekonomik New York. Mwen pa ka tann pou travay avèk Carl ak administratè SUNY yo pou toujou ofri inivèsite piblik nou yo avèk fasilite epi pou bon pri, pandan n ap devlope sa yo pou yo vin lidè nasyonal nan rechèch ak inovasyon, ki atire djòb ki peye anpil lajan nan Eta New York.”

Carl McCall t ap travay nan Konsèy Administrasyon SUNY depi ane 2007, epi kounye a li se prezidan Komite Finans ak Administrasyon SUNY, ak prezidan State University Construction Fund. Ant ane 1993 ak 2002, Mesye McCall t ap travay kòm Kontwolè Finans (Comptroller) Eta New York, kote li te responsab pou sipèvizyon gouvènman ak finans ak kontwòl lajan pansyon kòm Direktè Finans.

Anvan sa a, Mesye McCall te fè twa (3) manda kòm yon Senatè Eta New York pou reprezante distri nò Manhattan pou Vil New York. Li t ap travay tou kòm yon Anbasadè Nasyonzini, Manm Komisyon Otorite Pò New York ak New Jersey, epitou kòm Manm Komisyon Divizyon Dwa Moun Eta New York. Ant ane 1985 ak 1993, Mesye McCall t ap travay kòm yon Vis-Prezidan Citibank. Li t ap travay tou kòm Prezidan Konsèy Edikasyon Vil New York ant ane 1991 ak 1993, kote li te kreye règleman pou pi gwo sistèm lekòl nan peyi a.

Mesye McCall te resevwa edikasyon li nan Dartmouth College, Andover Newton Theological Seminary ak nan University of Edinburgh. Li resevwa nèf (9) doktora onorifik.

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos, di konsa: “Sistèm inivèsite eta nou an jwenn efò n ap fè yo pou devlope yon ekonomi tounèf ak iltramodèn, epitou pou kreye djòb nan chak rejyon eta a. Carl McCall gen eksperyans ak kapasite dirijan pou ede nou devlope misyon SUNY kòm yon motè ekonomik pou eta a, pandan l ap ofri edikasyon siperyè premye klas. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kokennchenn nominasyon sa a.”

-answit-

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Mwen te travay avèk Carl McCall pandan anpil ane, epi mwen kapab bay temwayaj pou angajman ak devouman li genyen pou wè SUNY ofri yo edikasyon kalite siperyè pou etidyan nou yo, pandan l ap sèvi tou kòm yon motè nan redrèsman ekonomik Eta a. Li vini annapre Carl Hayden, yon moun mwen te admire pandan lontan, epi ki se yon chanpyon nan sistèm inivèsite leta pandan moman fiskal difisil yo, men tou ki te toujou rekonèt valè sistèm edikasyon avanse a. Konsève bon pri ak sitiyasyon SUNY kòm yon enstitisyon prensipal edikasyon piblik te toujou pami priyorite prensipal mwen yo, epi mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li chwazi Carl kòm prezidan Konsèy Administrasyon SUNY.”

Chanselye SUNY, Nancy L. Zimpher, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li chwazi Carl McCall pou dirije Konsèy Administrasyon SUNY. Mwen te travay anpil avèk Carl nan dènye ane yo pou fè SUNY vin yon motè kwasans ekonomik nan Eta New York. Li gen eksperyans ki nesèsè pou kontribiye nan kreye koneksyon nan sektè prive a ak sektè piblik k ap pote ansanm devlopman ekonomik ak edikasyon avanse pou kreye djòb toupatou nan eta a. Gouvènè Cuomo t ap travay di pou fè SUNY vin yon lidè nasyonal nan rechèch ak inovasyon, epitou mwen pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm.”

Prezidan Asanble Etidyan SUNY, Kaitlyn Beachner, di konsa, “Antan yon fonksyonè ki devwe, epi antan yon manm Konsèy Administrasyon SUNY, Carl McCall te yon moun ki toujou ap defann sistèm inivèsite nou an pou fè tout moun antre ladan fasil pou yon bon pri. Gouvènè Cuomo te fè refòm ak ranfòsman sistèm SUNY vin yon priyorite prensipal pou administrasyon li, epitou nou kontan paske li chwazi Mesye McCall, yon moun ki gen eksperyans ak vizyon ki nesèsè pou fè SUNY vin yon lidè nasyonal nan edikasyon avanse. Nou pa ka tann pou travay avèk nouvo prezidan sa a nan efò li pral fè yo pou amelyore edikasyon avanse a sou non tout etidyan SUNY.”

Senatè Kenneth LaValle, Prezidan Komite Edikasyon Avanse Sena a, di konsa, “Mwen kontan anpil poutèt Gouvènè Cuomo chwazi Carl McCall, yon moun mwen te konnen ak travay avèk li pandan plizyè ane, pou vin alatèt Konsèy Administrasyon SUNY. Anpil peryòd dizan eksperyans Carl genyen nan sèvis piblik, ak fason li konprann edikasyon piblik la pral enpòtan anpil nan pozisyon sa a. Travay li se te kle pou devlopman ak pasaj SUNY 2020, epitou mwen konnen li pral travay pou devlope ak amelyore SUNY pou etidyan yo, pou kominote lokal yo, ak pou tout eta a, pandan l ap asire tout moun ka antre nan inivèsite a san pwoblèm epi pou bon pri. Mwen pa ka tann pou travay avèk Carl, epitou mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou nominasyon sa a li fè a. Ansanm, n ap kontinye devlope SUNY pou li vin yon motè prensipal kwasans ekonomik New York.”

Manm Asanble Lejislatif Deborah Glick, Prezidan Komite Edikasyon Avanse Asanble a, di konsa, “Mwen toujou respekte tout konpetans Carl McCall, epitou mwen kontan anpil paske nou pral gen atansyon li konsantre sou sistèm inivèsite Eta a. Mwen pa ka tann pou travay anpil avèk li pase jan mwen te fè sa anvan.”

Manm Asanble Lejislatif Karim Camara, Prezidan New York State Black, Puerto Rican, Hispanic and Asian Legislative Caucus, di konsa, “H. Carl McCall gen yon karyè siperyè avèk yon angajman nan edikasyon pandan lontan. Sèvis li kòm alatèt Konsèy Edikasyon Vil New York ale byen avèk dosye li pandan fonksyon li kòm Kontwolè Finans Eta New York. Gouvènè

-answit-

Cuomo pran bon desizyon pou mete li alatèt Konsèy Administrasyon SUNY. Nou pa ka tann pou travay avèk Administratè McCall pou toujou gen yon SUNY kote tout Nouyòkè kapab antre fasil pou bon pri. Sa a se yon bon fason Gouvènè Cuomo montre kijan li gen entansyon pou wè SUNY kontinye nan direksyon pozitif li prale a pou toujou ofri pi bon kalite edikasyon piblik pou tout fanmi Nouyòkè yo.”

Prezantasyon Konsèy Administrasyon SUNY

Konsèy Administrasyon SUNY se konsèy inivèsite pou State University of New York. Konsèy la gen ladan 18 manm. Gouvènè fè nominasyon 15 nan 18 manm yo avèk konsèy ak konsantman Sena a. Answit, Prezidan Asanble Etidyan Inivèsite Leta travay kòm yon Administratè ki gen dwa pou vote dapre responsablite li, epi Prezidan University Faculty Senate ak Prezidan Sena Fakilte Inivèsite ak Prezidan Konsèy Fakilte Kolèj Kominotè (Faculty Council of Community Colleges) yo travay kòm Administratè ki pa gen dwa pou vote dapre responsablite yo.

Responsablite Konsèy la gen ladan nominasyon ak apwobasyon komite dirijan Inivèsite a, tankou Chanselye a ak anplwaye sistèm prensipal yo ak prezidan kanpis yo, kontwòl kou prive ak frè yo fè kanpis SUNY yo peye, epitou distribisyon diplòm inivèsite, diplòm, sètifika, ak doktora onorifik SUNY bay chak ane. Konsèy la reyini prèske chak mwa nan ane a. Reyinyon yo lib pou piblik la, epi yo retransmèt yo andirèk pou bay Nouyòkè yo yon plas nan premye kategori nan operasyon Inivèsite a. Konsèy la òganize fowòm piblik lib tou de fwa chak ane pou bay piblik la opòtinite pou kominike avèk konsèy la, epitou pou piblik la bay kontribisyon li.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm inivèsite konplè nan Etazini. Li ofri edikasyon pou 467 000 etidyan nan plis pase 7 500 pwogram diplòm inivèsite ak sètifika sou 64 kanpis, epitou li genyen plis pase 2,5 milyon ansyen etidyan toupatou sou latè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*